

BASA RINENGGA



❖ DASANAMA

➤ Tembung liya sing tegese padha. Tembung liya kang tegese padha racake luwih saka siji. Dasa tegese sepuluh, nama tegese jeneng. Ing basa Indonesia diarani sinonim.

➤ GLADEN

Golekana dasanamane tembung ing ngisor iki :

- 1) Matahari = *baskara, bagaskara, bagaspati, pratanggakara, radhite,*
- 2) Abang : abrit, ambranang, dhadhu, jingga, merah, rekta
- 3) Arjuna : Permadi, Parta, Dananjaya, Parantapa, Kaunteya, Palguna,
- 4) Gunung :
- 5) Angin :
- 6) Kembang :
- 7) Gathotkaca :

❖ TEMBUNG SAROJA

➤ tembung loro sing padha meh padha tegese dingo bebarengan

➤ Tuladha :

✚ Sepi mamring

✚ Gotong royong

✚ Padhang njingglang

➤ GLADEN

Bacutna ukara-ukara kang kadunungan tembung saroja ing nngisor iki!

1) Dheweke wis ora nate *nyapa* maneh karo tanggane.

2) Aku wis *blaka* marang awakmu, ora ana sing daktutup-tutupi maneh.

3) Mugi temanten kekalih sageda *atut* tansah reruntungan.

4) Kabeh warga padha teka ing pasar malem sanajan padha *jejel*

5) Bocah kok *polah* sarwa nengsemake.

6) Sing padha rukun karo *sanak* supaya bisa urip kanthi *ayem*

7) TemanteNe lanang katon *gagah*

❖ TEMBUNG ENTAR

➤ Tembung kang nduweni teges ora salugune

➤ Tuladha :

✚ Adus kringet : tegese nyambut gawe abot, nyambut gawe mampeng

✚ Idu geni : tegese kabeh guneme kudu bisa ditindakake utawa kudu bisa klakon

✚ Udan tangis : tegese akeh sing padha nangis

➤ GLADEN

Tegesana tembung entar ing ukara-ukara ngisor iki!

1. Waluyo saiki wis dadi bau tengene Pak Lurah.

Wangsulan :

2. Krungu tembungé Marno sing kaya mangkono, Darto dadi abang kupinge.

Wangsulan :

3. Warga Palu lagi udan tangis amarga akeh kang kelangan keluargane.

Wangsulan :

❖ TEMBUNG YOGASWARA

➤ Tembung Loro kang nduweni swara *a* lan *i* ing pungkasané wanda, nduweni teges lanang lan wadon.

➤ Tuladha :

✚ Dewa-dewi

✚ Mudha-mudhi

✚ Siswa-siswi

➤ GLADEN

Gawea ukara migunakake tembung-tembung yogaswara ing ngisor iki!

1. Dewa-dewi

Wangsulan :

2. Raseksa-raseksi

Wangsulan :

3. Bathara-bathari

Wangsulan :